ku dul yërëm nit ñi Yàlla mu kawe mi du ko yërëm

Jële nañu ci Jaabir Ibn Abdullah Al-Xasrii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku dul yërëm nit ñi Yàlla mu kawe mi du ko yërëm».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne ki dul yërëm nit ñi Yàlla mu kawe mi du ko yërëm, koon jaam bi di yërëm mbindeef yi daa bokk ci sabab yi gën a rëy yi nga xamne dees na ci ame yërmàndey Yàlla mu kawe mi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5439